

Уардэщ, дахэщ Іуащхьэмахуэ. *2007 гъэ*

**Ди республикэми Урысейми щыцІэрыІуэ фотохудожник Вэрокъуэ Заур и ІэдакъэщІэкІ телъыджэхэр щІыналъэ куэдым щызэбгрыкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ гъуэзэджэхэр, къуршхэр, гуэлхэр, губгъуэхэр, псыкъелъэхэр абы и фотообъективым къригъэубыд къудейкъым, атІэ и нэм илъагъу дахагъэр, и псэм зыхищІэ гухэхъуэр, лъагъуныгъэр сурэт трихам къызэрищыным хущІокъу. Апхуэдэу щытми, Вэрокъуэ Заур и ІэщІагъэкІэ сурэттехкъым, ар, зыщигъэпсэхум, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ абы къезыт Іуэхуу аращ.**

**Заур щІэныгъэ нэхъыщхьэ зыбжанэ иІэщ. КъБКъУ-м и инженер-техникэ къудамэр, абы иужькІэ аспирантурэр къиухащ, геофизикэмрэ физическэ географиемкІэ щІэныгъэ лэжьыгъэ пхигъэкІащ, апхуэдэу юрист ІэщІагъэ Нартсанэ (Кисловодск) щызэригъэгъуэтащ, ТворчествэмкІэ Дунейпсо Академием и член-корреспондентщ, милицэм и полковникщ. «Гъуазджэм хуэпабгъэ псэкупсэ зиІэ цІыху абы къыхэмыкІыну Іэмал иІэтэкъым», - жаІэ а щІалэр кинорежиссер цІэрыІуэхэу Вэрокъуэ Владимиррэ Мартиросовэ Ринэрэ я къуэу зыщІэхэм. Ар икІи пэжщ, сыту жыпІэмэ, зэрыцІыкІурэ къызыщІэтэджыкІар щэнхабзэ лъапІэныгъэхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъымрэ зыхэщІыкІынырщ, абыкІэ цІыхухэм ядэгуэшэнырщ.**

**Вэрокъуэ Заур «Адыгэ псалъэм» и щІэджыкІакІуэхэм нэхъ гъунэгъуу едгъэцІыхун, и дуней еплъыкІэмкІэ, гупсысэхэмкІэ къыддэгуэшэн папщІэ, упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ. ЗанщІэу къыжыІэн хуейщ: Заур цІыху утыкуакІуэкъым, ищІэри илэжьри фІэмащІэщи, абы ущІытетхыхьын щымыІэу къелъытэ, егъэлеяуэ зэпІэзэрытщ, ауэ абы къыдэкІуэуи псэлъэгъу тыншщ икІи гъуэзэджэщ. А псом къыхэкІыу къыхэгъэщыпхъэщ ди газетым папщІэ къыдита интервьюр нэгъуэщІ къыдэкІыгъуэхэм иумыгъуэтэну (эксклюзивнэу) зэрыщытыр.**

# ВЭРОКЪУЭ Заур: ФІыуэ умылъагъумэ, зыхэпщІэнукъым, зыхыумыщІамэ, къыпхуэлъагъунукъым

● Ди псэлъэгъухэр

- СЭ СУРЭТ техыным сызэрыдихьэхрэ куэд дыдэ щІащ, - жеІэ Заур. - «Смена»-кІэ еджэу фотоаппаратхэр щыІэу щытащ, мис абы щыщт си япэ сурэттехыр. Ар сабий джэгуалъэ папщІэу си анэш дадэм тыгъэ къысхуищІат. Пэжщ, а сурэттехыр къыщысІэщІалъхьам, къызэзытам и гугъауэ къыщІэкІынутэкъым сэ тесха сурэтхэр зэгуэр утыку къиихьэну, сэ езым апхуэдэ гуэри си нэгу къызэрыщІэзмыгъэхьам ещхьу. «ДжэгуалъэмкІэ» си щІэщыгъуэр икІа нэужь, зы илъэс 20 хуэдизкІэ сурэт техын Іуэху зесхуакъым: ди унагъуэм исхэм дрикъурт (иджыпстуи аращ зэрыщытыр) ди адэм трих сурэтхэмрэ фильмхэмрэ, сурэт техыныр зи ІэщІагъэр араци, ухыхьэми, абы нэхърэ нэхъыфІ зэрыпхуэмыщІэнур псоми тщІэрт. Сэ сигу ирихьырт ди адэм, абы и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ кърахьэлІэ сурэтхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ Монин Сергей, Губарев Михаил, нэгъуэщІ оператор гъуэзэджэхэу зи ІэдакъэщІэкІхэр сурэт техын щыщІэздзэм щапхъэ схуэхъуар. Ахэращ объективым сыщиплъэкІэ дахагъэ слъагъуфу сезыгъэсар. Ди адэм триха слайдхэм щІэхщІэхыурэ сыхоплъэ, гу зылъытапхъэ гуэрхэр сыт щыгъуи къыхызох, ауэ абы къыдэкІуэуи гурыІуэгъуэ сщохъу абы ищІэм елъытауэ, схузэфІэкІыр зэрымащІэ дыдэр. Сэ зыгуэрхэр къэзулъэпхъэщыну сыхэтмэ, абы сурэт хьэлэмэт дыдэхэр, къызэрымыкІуэу телъыджэхэр куэду иІэщ. КъызэхъулІэмэ, си мурадщ Вэрокъуэ Владимир триха сурэтхэмкІэ гъэлъэгъуэныгъэ къызэзгъэпэщыну. Ар ди адэм дежкІэ зэкІэ щэхущ, ауэ хуэмурэ зызогъэхьэзыр.

**- Иджыпсту сыт хуэдэ сурэттех узэрылажьэр, Заур?**

- Сэ сигу ирихьри нэхъ ІэкІуэлъакІуэу къэслъытэри «Canon» фирмэм къыщІигъэкІ сурэттеххэращ. Абыхэм щыщу япэу сиІар «Canon-300» камерэщ. Ар иджырей «бжыгъэкІэ» (цифровой) лажьэхэм ещхьтэкъым, кадр къиубыдар гъуджэм тезыгъапсэу щыІахэм хуэдэт. Абы иужькІэ 1 мегапиксель (сурэттехым и зэфІэкІыр къызэрапщ мардэ) фІэкІа мыхъу цифровой камерэ къэсщэхуауэ щытащ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэнумэ, апхуэдиз пиксель фІэкІа зимыІэ жып телефон къудей иджы щыІэжкъым, ауэ ар абы щыгъуэм тфІэбэлыхьт, Іэмал куэдыщэ къыдиту къытщыхъужырт.

Сызыпэрыхьа Іуэхум и мыхьэнэр къызгурыІуэу, зыхэщІыкІ хузиІэу сыщыхъуам, сІыгъар «Canon L10D» сурэттехырщ. Ар илъэс зыбжанэкІэ зесхьащ. Иджыпсту сызэрылажьэр «Canon L5D»-щ, абы мегапиксель 12,8-рэ иІэщ. Ар апхуэдизу камерэ ехьэжьауэ щымытми, сэ сызылъыхъуэр къризоубыдыф, зэрыжаІэу, сызыхуейр къысхуещІэ.

Шэч хэлъкъым, дызэрыт зэманым техникэ Іэмэпсымэхэм псынщІэу зэрызахъуэжым, дыгъуасэ щымыІа куэд нобэ къоунэхъу, ауэ сэ къэслъытэркъым абы укІэлъекъун хуейуэ, уи лэжьыгъэм и фІагъыр къэбгъэсэбэп Іэмэпсымэм зэрыщыту елъытауэ. Франджы сурэттех гъуэзэджэ Брюссон Картье, псалъэм папщІэ, фІэфІтэкъым сурэт зэрытрих камерэр ихъуэжыну. Ар сурэттех цІэрыІуэщ, и ІэдакъэщІэкІхэр нобэр къыздэсым сурэт техыным зэрыхурагъаджэ тхылъ псоми щапхъэу итщ, илъэс 30-м щІигъукІэ фотографу лэжьати, зэпымыууэ иІыгъар зы сурэттех цІыкІущ.

**- КъыбгурыІуэ зэрыхъунумкІэ, фотохудожникым и Іэзагъыр зыхэлъыр къигъэсэбэп Іэмэпсымэракъым, атІэ илъагъумрэ зыхищІэмрэ къызэриІуатэ щІыкІэрщ…**

- Шэч къыщІытепхьэн щыІэкъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, фІыуэ умылъагъумэ, зыхэпщІэнукъым, зыхыумыщІамэ, къыпхуэлъагъунукъым. ИкІи умылъагъуу икІи зыхыумыщІэу сурэттехыр тебгъауэкІэ, гъуазджэ къыпхуэгъэщІынукъым. НэгъуэщІу жыпІэмэ, Іэмэпсымэракъым нэхъыщхьэр, атІэ ар зыІыгъыращ. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, техникэ ІэкІуэлъэкІуагъым сыт хуэдэ цІыхури пхуегъэсэнущ, ауэ узэлэжьыр дахэ хъун щхьэкІэ Іэмал имыІэу гурыщІэ, лъагъуныгъэ хэплъхьэн хуейщ. Сэ сыкъапщтэмэ, егъэлеяуэ фІыуэ солъагъу сыщалъхуа лъахэр, ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр, абы и бгылъэ щІыпІэхэмрэ псыкъелъэхэмрэ, псалъэкІэ пхуэмыІуэтэщІыну иІэ щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр. А псом сызэрыцІыкІурэ сыкъыщІэтэджыкІащ, сыщІапІыкІащ, си нэгу щІэт зэпыту сыкъэхъуащ. Кинокамерэр, сурэттехыр иІыгъыу ди адэр дэнэ щІыпІэ мыкІуами, сэ зэпымыууэ сригъусащ, ди щІыналъэм и дахагъэм щыщ налъэ хэмыщІу телефильм зэращІыр мызэ-мытІэу слъэгъуащ.

**- Арагъэнщ уи сурэтхэмкІэ къэбгъэлъэгъуэну, цІыхухэм яжепІэну узыхуейр?**

- Ар апхуэдэу зэлъыІухауэ икІи гурыІуэгъуафІэу къызэмыхъулІэнкІи мэхъу, ауэ сыт хуэдэу щымытми, уи гумрэ уи псэмрэ щыщ тІэкІу-тІэкІу дэтхэнэми хыболъхьэ, тыбогуашэ, богъафІэ, итІанэ абы зыгуэр щыгуфІыкІауэ, гухэхъуэ нэгъуэщІым иритауэ къыщыпщІэкІэ, пхэщІар бэгъуауэ къыпхохъуэж. Сурэт техыныр иджырей гъуазджэм и къудамэ бгъуфІэхэм ящыщ зыщ. Ар цІыхухэм ягу ирохь зыкІи темыІэзэщІыхьыжауэ, къалэми плъыфэ зэмыфэгъуи хэмылъу пэжыр къызэригъэлъагъуэм щхьэкІэ, абы къыдэкІуэуи дахагъэр, гуапагъэр, хуабагъэр, нэгъуэщІ гурыщІэ ІэфІхэм псэр къызэрыхуриджэм, дыкъэзыухъуреихь псоми нэгъуэщІ нэкІэ дызэрыригъэплъым папщІэ.

Сурэт техыным дихьэхыу ди республикэм исыр мащІэкъым. Абыхэм псоми я гъэсакІуэу къэплъытэ хъуну дэ диІэщ фотограф Іэзэ икІи цІэрыІуэ Лукьяненкэ Иван. Ар ди пашэу, щІалэ зыбжанэ дыхъуу дэ фотоклуб къызэдгъэпэщащ икІи илъэс ещанэ хъуауэ гъэлъэгъуэныгъэхэр щыдогъэкІуэкІ СурэтыщІ гъуазджэмкІэ Налшык дэт музейм. СыбзыщІынкъыми, ди ІэдакъэщІэкІхэмкІэ гъэлъэгъуэныгъэр щекІуэкІ махуэхэм а унэм цІыху нэхъыбэ екІуалІэу мызэ-мытІэу къыджаІащ музейм и унафэщІхэм.

**- Панорамэ сурэт техыкІэм сыт хуэдэ щхьэхуэныгъэ иІэ?**

- Зы псалъэкІэ жыпІэнумэ, къэбгъэсэбэп Іэмалхэри щІыкІэри, шэч хэмылъу, нэгъуэщІщ, къызэрыгуэкІ кадр тепхыным куэдкІэ къыщхьэщокІ икІи ІэджэкІэ нэхъ гъэщІэгъуэнщ. Ар къызыхэкІыр сыт жыпІэмэ, зыщиплъыхькІэ цІыхум и нэм теплъэгъуэр убгъуауэ «къызэриубыдырщ». ЗэрытщІэщи, цІыхум и щхьэр имыгъэхъейуэ, нэбгъузкІэ лъэныкъуитІымкІи мэплъэф.

Мис апхуэдиз и «кІыхьагъщ» панорамэ сурэтми, ауэ ар куэдкІэ егъэмащІэ къызэрыгуэкІ сурэт техыкІэм. Аращ панорамэр цІыхухэм ягу щІрихьым хэлъ щэхури щхьэхуэныгъэри зэрыхъур. Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ сурэт техыкІэр япэу къыщызублахэм сащыщщ, жысІэкІэ, щхьэщытхъу къысфІащынкъым, ауэ пэжщ а Іуэхум пыщхьэхукІауэ сэ зыщезгъэсар сурэттех Іэзэ, альпинист гъуэзэджэ, цІыху зэчиифІэ Копылов Владимир и дежщ, абы и лэжьыгъэхэмрэ и ІуэхущІэкІэмрэ сыкІэлъыплъурэщ. Копыловым триха панорамэхэр япэ дыдэу щыслъэгъуам, занщІэу сатхьэкъуат икІи сэри апхуэдэ зэрысщІыным сыхуигъэушат. ИужькІэ езы Володя къэсцІыхуну си насып къихьащ, иджы дызэІуощІэ, дызопсалъэ, дызыхуотхэ, Налшык къыщыкІуэкІэ, си унагъуэм щохьэщІэ. Абыи егъэлеяуэ фІыуэ елъагъу ди къурш лъахэр, а лъагъуныгъэр и сурэтхэм хелъхьэри, удимыхьэхынкІэ Іэмал имыІэу ещІ.

Уи нэгу къыщІэгъыхьэт, сыт хуэдэ гурыщІэ уи гум илъын хуейр, сыхьэт зыхыблкІэ гъуэгуанэ утету, щІыІэр градус 30-м фІэкІыу уае къуршыщхьэм аргуэру сыхьэт зытхухкІэ уисын папщІэ, Іуащхьэмахуэ и щыгум къыщызэкІэщІитхъ нэхулъэм и плъыфэ телъыджэхэр къэбубыдын щхьэкІэ? Мис апхуэдэщ си ныбжьэгъу Копылов Владимир. Ари ящыщщ сурэт техын «узыфэр» къыспкърызыгъэхьахэм.

**- Заур, сурэт зытепхынур къэбгъуэтынымрэ дахэу тепхынымрэ я деж къыщынэркъым фотохудожникым и лэжьыгъэр. Уэ тепха сурэтхэр цІыхухэм я пащхьэ къипхьэн ипэ, дэнэ щытебдзэрэ, сыткІэ къыдэбгъэкІрэ?**

- Пэж дыдэу, ар лэжьыгъэм и зы ІыхьэфІ мэхъу. Нэхъапэхэм абы икъукІэ гугъу сыдехьырт, иныкъуэхэр Лукьяненкэ Иван и деж щытездзэу щытащ, иужькІэ «Синдикэ» тедзапІэр къэзгъэсэбэпащ, Псыхуабэ сыкІуэн хуейуэ къыщисхуихуаи мызэ-мытІэу къэхъуащ. Ауэ иджыпсту сэ езым си Іэмэпсымэхэр сиІэжщ, унэм щызгъэпсауэ техникэ зэпэщ согъэлажьэ.

ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, уэ тепха сурэтыр нэгъуэщІым щытридзэкІэ, арэзы укъэзыщІыр мащІэщ, сыту жыпІэмэ, сурэтыр тумых щІыкІэ плъэгъуар ар тхылъымпІэм щытрадзэкІэ ибгъуэтэжу щытын хуейщ. Сэ тесха сурэтхэм, шэч хэмылъу, солэжьыж, ауэ къалэмкІэ, плъыфэкІэ, компьютер ІэмалкІэ сытеІэзэщІыхьыжкъым. СызыхущІэкъур зыщ: сурэтыр щытесхым зыхэсщІа гурыщІэр ар зылъагъунум зэрылъэзгъэІэсынырщ. Сыт абы хэгъэпщкІуар, и купщІэр, жыпІэмэ, фотоапаратым и пэжыпІэкІэ плъыфитІ къудейщ къищтэр: фІыцІэмрэ хужьымрэ. Абы къыхэкІыу сурэттехым къебгъэубыда теплъэгъуэр уэ щыплъэгъуам зэрыщытауэ пщІын щхьэкІэ, плъыфэхэр етыжын, языныкъуэ щІыпІэхэр къыхэгъэнэхукІын хуейщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, слъэгъуа дыдэм пэгъунэгъу теплъэр тхылъымпІэм зэрытездзэным солэжь.



Вэрокъуэ Заур.

**- Уи псалъэхэм къыхэщащ мыгувэу галерее къызэІуфхыну. Сыт ар зищІысыр? Дэнэ къыщежьа абы епха гупсысэр? СыткІэ ущыгугърэ?**

- Пэжщ, дымыгъэгувэу къызэІутхыну ди гугъэщ «Панорамэ» зыфІэтща галереер. Сурэтхэр щыдгъэлъагъуэ икІи щытщэ ІуэхущІапІэ къызэІутхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм ящыщщ ди къалэ дахэм, республикэ къалащхьэм, художественнэ ІэрыкІхэр къыщыпщэхун щІыпІэ зэрыщымащІэр. Гу лъумытэнкІи ущымыгуфІыкІынкІи Іэмал иІэкъым иужьрей илъэсхэм Налшык нэхъ дахэ, екІу, зэпэщ зэрыхъуам, махуэ къэс хэпщІыкІыу зэрызиужьым. Унэ зэтетхэм я ІуплъапІэхэр гъэщІэрэщІащ, дэтхэнэми и япэ къатхэм хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр щащэ тыкуэн е шхапІэ дахэ цІыкІухэр хэтщ, цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ хуэщІэн ІэнатІэри ефІэкІуащ.

Нэхъапэм пшапэ зэхэуамэ, къалэр кІыфІт икІи уфат, иджы жэщ псом дэнэкІи нэхущ, дахэщ, уэздыгъэ зэмыфэгъухэр къызэщІоблэ. Апхуэдэ зыужьыныгъэм дэ хэтлъхьэфынум дыщегупсысым, ди сурэтхэмкІэ галерее къызэІутхыну мурад тщІащ. ІуэхущІапІэр мыинми, дэ къытщохъуж ар щэнхабзэм и зы жьэгу цІыкІуу икІи къыдолъытэ ди къалэр иджыри къэс зыхуэныкъуахэм ящыщ зыуэ.

Ди адэмрэ си къуэш Залымрэ си гъусэу делэжьащ галереем и унэр зэІузэпэщ щІыным, сурэтхэм я щІыпІэ егъэгъуэтыным. ІуэхущІапІэм и унафэщІыр си щхьэгъусэ Мананэщ, цІыхухэм ядэлэжьэнымкІэ пщэрылъхэр зыхьыр Елмэс Людмилэщ. Иджыпстуи зэІухащ ди галерее цІыкІум и бжэхэр, ауэ абы и «лъэтеувэм» етщІэкІ пшыхь иджыри едгъэкІуэкІакъыми, зэкІэ дыкъэзыщІэр мащІэщ.

Сэ сыхуейт щэнхабзэм и апхуэдэ «жьэгупащхьэхэр» ди къалэм щынэхъыбэну, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, цІыхухэр, псалъэм папщІэ, ди галереем, иджырей гъуазджэмкІэ музейм хуэдэу, зыщаплъыхьын къудей щхьэкІэ къыщІыхьэ хъунущ. Къапщтэмэ, сэ сфІэфІщ ди деж ныбжьыщІэхэр къыщыщІыхьэкІэ сакІэлъыплъыну. Мыбы щалъагъу псоми жып телефонхэмкІэ сурэтхэр трахыу, я нэгу цІыкІухэр нэгъуэщІ хъуауэ нэщхъыфІэу ахэр щыщІэкІыжкІэ, узыпэрыт Іуэхум ущымыгуфІыкІыжынкІэ Іэмал иІэкъым.

Дэ иджыпсту дызыхэпсэукІыр зэманыфІщ, ауэ икІи тыншкъым. Ар гугъу зыщІхэм ящыщщ цІыхухэм ялъыс хуэбагъэр, ІэфІагъыр, гумэщІагъыр, лъагъуныгъэр, цІыхуфІагъыр зэрымащІэр. Ар иризыгъэкъун гуэр хъуфыну сыщыгугъыу аращ си сурэтхэр апхуэдэ утыку къыщІисхьар. Сыхуейт ди щІыуэпс къулейр, махуэ къэс дыкъэзыухъуреихь дахагъэр (арагъэнщ абы десэжауэ гу щІылъыдмытэжыр!) къызэрыщ а сурэтхэр цІыхухэм я гум ехуэбылІэну, псэр зыІэт дэрэжэгъуэ къаритыну.

**- Абы дэщІыгъужыпхъэу къыщІэкІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу куэдым къуршхэм кІуэну, ди лъахэм и нэгъуэщІ щІыпІэ дахэхэр зрагъэлъагъуну Іэмали хущІыхьэгъуи зэрамыІэр, сурэттехыр «къыщеплъ» лъэныкъуэхэм гу лъимытэнкІэ зэрыхъунум и гугъу умыщІыххи… Заур, уи сурэтхэр галереем къыщынэмыщІа нэгъуэщІ щІыпІэ щыІэ?**

- А упщІэм и жэуапым къыдэкІуэу, сэ къыстохуэ фІыщІэ хуэсщІыну КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, сыту жыпІэмэ, аращ япэу си ІэдакъэщІэкІхэр гъуазджэм щыщу къэзылъытари цІыхухэм зэхахыу жызыІари, абы иужькІэщ си сурэт техыным мылъку къыпэкІуэу щыхъуари. Къанокъуэ Арсен си лэжьыгъэхэр щилъэгъуар ди республикэм и Іэтащхьэ мыхъу щыщІыкІэщ, абы щыгъуэм ар Москва щыпсэурт, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм щылэжьэн щІидза къудейт. Дэ нэІуасэ дызэхуэзыщІар абы и унэкъуэщ, сэ си ныбжьэгъуфІ Къанокъуэ Андемыркъанщ. Сэ тесха сурэтхэр иту къыдэкІа каталогыр щилъагъум, «КхъыІэ, си къуэшым едгъэгъэлъагъу, игу ирихьынущ икІи гуфІэнущ. Абы ди республикэр фІыуэ елъагъу, хуабжьу фІэфІщ ди щІыпІэ дахэхэр къызэрыщ сурэтхэр!» - къыжиІащ. Арати, Къанокъуэ Арсен сурэтхэр илъэгъуащ, пэж дыдэу щыгуфІыкІащ, сурэт 30 хуэдизи къыхихащ. Абы щыгъуэм и кІэм нэблагъэт Налшык дэт «Синдикэ» интур-хьэщІэщым и ухуэныгъэр икІи абы папщІэ нэгъуэщІ сурэтхэри тесхыну зыкъысхуигъэзащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, Къанокъуэ Арсен сызыхуиунэтІа Іуэхур сэркІэ махуэу къыщІэкІащ. Иджыпсту интур-хьэщІэщым сэ тесхауэ сурэт 200-м нэблагъэ холлхэм, пэшхэм фІэлъщ, абы къищынэмыщІауэ «Налшык» санаторэми, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ зыгъэпсэхупІэ зыбжанэми щыІэщ. Сэ тесха сурэтхэм щыщ яІэщ УФ-м и МВД-м и министр Нургалиев Рашид, УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъуу щыта си ныбжьэгъу Ястржембский Сергей, Ставрополрэ Владикавказрэ щыІэ чристэнхэм я щихънагъ Феофан, дирижер цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ сыми, сэ сыщымыгъуазэу нэгъуэщІ куэдми.

**- Зи цІэ къипІуахэм сурэтхэр уэ тыгъэ яхуэпщІауэ ара хьэмэ абыхэми къащэхуа?**

- Шэч хэмылъу, сэ тыгъэ зыхуэсщІахэри абыхэм яхэтщ, езыхэм къащэхуари мащІэкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым къеблэгъауэ саугъэт папщІэу си ІэдакъэщІэкІ зратаи щыІэщ.

**- Сэ хуабжьу сфІэгъэщІэгъуэнщ Вэрокъуэ Владимиррэ Мартиросовэ Ринэрэ хуэдэ щэнхабзэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэм я унагъуэм къихъуа щІалэр абыхэм я лъагъуэ иримыкІуэу милицэ къулыкъум зэрыхыхьар. Ар дауэ хъуа?**

- СщІэркъым зэрыбжесІэнур, арауэ къыщІэкІынт си натІэ илъыр. Сэ сегупсысауэ сча лъэбакъуэщ ар, ауэ щыхъукІи сыхущІегъуэжу зыри хэлъкъым. Пэжщ, а ІэщІагъэм и пщІэр дызэрыт лъэхъэнэм нэхъ лъахъшэ хъуащ, а къулыкъур езыхьэкІ цІыхухэм ар яхуэмыфащэ пэтми. Зэгуэр егъэджакІуэхэмрэ милиционерхэмрэ къазэрыщыхъуу щытам хуэдэжкъым. Ауэ сэ сыхуейт а ІэнатІэ гугъум хуэфащэ пщІэр игъуэтыжыну, абы къулыкъу щызыщІэхэр нэхъ бэшэчу, я ІуэхущІафэри я псалъэри нахуэу щытыну, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Іуэху мыщхьэпэ хэхуа цІыхур япэу зэжалІэр милиционерыращ икІи абы и деж дэІэпыкъуэгъу нэс щигъуэтыпхъэщ.

Ди унагъуэм си закъуэкъым милицэм къулыкъу щызыщІэр, си шынэхъыщІэ Залыми абы хэтщ. Ауэ щыхъукІи, зыхуэмыІущ щымыІэу щІалэ бэлыхьщ. Щэнхабзэм, гъуазджэм, тхыдэм, географием, бзэ щІэныгъэм, усыгъэм, нэгъуэщІ-къинэмыщІ куэдым теухуауэ упщІэ уиІэмэ, тхылъ къызэгуумыхыу абы и деж псалъэ, жэщ, махуэ иІэкъым, узылъыхъуэм и жэуапыр зэхэхауэ къыбжиІэнущ. ЗэрыжаІэу, «езырызекІуэ щІэнгъуазэщ», Хаям и сатыриплІ усэхэр, Шекспир и сонетхэр гукІэ зэрищІэм и гугъу умыщІыххи. Къыдалъхуам хуэдэу фІыуэ испаныбзэри инджылызыбзэри ещІэ, испан, инджылыз тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм зэмыдзэкІауэ йоджэ, абы къыдэкІуэу и щІакхъуэ Іыхьэ къызэрилэжь ІэнатІэр къызыхуэтыншэу ирехьэкІ.

Сэ сызэреплъымкІэ, Тхьэм цІыху псори зэчиифІэу къегъэщІ, ауэ къызэзыхуигъэщІар къызыгурыІуэжыр, и насып зыхэлъ ІэнатІэр къэзыгъуэтхэр куэд хъуркъым, къэлъыхъуэным емылІэлІэххи щыІэу къысфІощІ. Зым макъамэ етх, нэгъуэщІым усэ зэхелъхьэ, хэт сурэт ещІ, хэти кино трех, зыгуэрым гъавэ тресэ, адрейм щІакхъуэфІ дыдэ егъажьэ. Дэтхэнэми фІы гуэр къегъэщІ, мис аращ зэчий хъужыр, творчествэкІэ, таланткІэ узэджэнур.

Сэ къызэрыслъытэмкІэ, дэтхэнэ цІыхуми иІэн хуейщ и ІэщІагъэм, ирихьэкІ ІэнатІэм къищынэмыщІауэ, гупсэхугъуэ къызыхих Іуэху гуэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, цІыхур лажьэу шхэж къудейкІэ псэуа хъуркъым. А тІэкІур дэтхэнэ псэущхьэми ещІэф. ІуэхущІафэ гуэрым димыхьэх цІыхум и лэжьыгъэр ныкъуэщІэу, и гъащІэми плъыфэ куэд хущыщІэу къысщохъу. Си дежкІэ апхуэдэ ІуэхущІафэу аращ сурэт техыныр, зыплъыхьакІуэ кІуэныр, щэкІуэныр…

**- НэгъуэщІ сытым удихьэхрэ, Заур?**

- Сыт удэзымыхьэхыр жыпІэркъэ? Усыгъэр сфІэфІщ, ауэ игъащІэм зы сатыр зэхэслъхьакъым. Макъамэ тхыным сыхуэхейкъым, зэгуэр музыкэмкІэ пэщІэдзэ еджапІэ къэзухауэ щытащ. Си ІэдакъэщІэкІхэм унагъуэм исхэм фІэкІа зэкІэ зыри едэІуакъым, ауэ си мурадщ ар ди галереем къыщІыхьэхэм захезгъэхыну. Сыщогугъ сурэт теплъэгъуэхэр нэхъ гурыхь зыщІ «Іэпэгъу» си макъамэр хъуну.

ПщэфІэнри зыхэслъхьэ щыІэкъым. Зэгуэр, милицэ къулыкъум сыкъыхэкІыжмэ, шхапІэ цІыкІу гуэрым пщафІэу сыувынкІэ хъунщ (*и пащІэкІэ щІогуфІыкІ*). СыпщэфІэн сфІэфІми, си мэжалІэ изгъэкІын щхьэкІэ ар сщІэнукъым. Іэмал имыІэу си ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, гъунэгъухэм ящыщ къезгъэблэгъэн хуейщ.

Псалъэм къыдэкІуэу къыхэзгъэщынут хьэблэ хьэлэмэт сызэрыдэсыр. Сэ сыщопсэу си адэшхуэ Вэрокъуэ Хьалид и лъапсэу щытам, сыкъыщалъхуари а унэращ. Хьэблэм дэсхэр дызэрыІыгъщ, фІыуэ дызэролъагъу, сыт хуэдэ ІуэхукІи дызэкІэлъокІуэ, дызэпоІэбэ, дызэхэмыхьэу махуэшхуэ блэдгъэкІыркъым. Псом хуэмыдэу дахэу дыІуощІэ ИлъэсыщІэм. Уэрамым Іэнэшхуэ щыдогъэув, щхьэж и лъэпкъ шхыныгъуэхэр, ІэфІыкІэхэр къытрагъэувэри, цІыкІури инри мэтхъэж, я нэгу зрагъэужь. Ди бынхэри зэныбжьэгъущ, ди щхьэгъусэхэри зэкІэлъокІуэ, цІыхухъухэри дызэрыІыгъщ. А псор къыщІыхэзгъэщыр, зэлъэпкъэгъуу куэд яхэмытми, ди уэрамым щыпсэухэр зы адыгэ хьэблэм хуэдэу дахэу дызэрызэхущытырщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ дэ ди щІэблэри зэрыІыгъыу, зыр зым дэІэпыкъуу идогъасэ, зэныбжьэгъугъэм и лъапІэныгъэхэм къыщІыдогъэтэджыкІ.

**- ЗэрыжытІауэ, уи адэанэр ди республикэм ис псоми фІыуэ яцІыху, зи хъыбар дымыщІэр абыхэм я бынхэрати, нэІуасэ дахуэхъуащ. Уэ езым уи унагъуэм, фи щІэблэм я гугъу къытхуэпщІамэ арат, Заур?**

- Ди псалъэмакъым къызэрыхэщащи, си щхьэгъусэ Мананэ «Панорамэ» галереем и унафэщІщ. Абырэ сэрэ зэгъусэу тетха сурэт куэд хэлъщ ди гъэлъэгъуэныгъэм, мызэ-мытІэу зыплъыхьакІуэ дызэдежьащ. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы и гъащІэр тыхь зыхуищІыр бын пІынырщ, абыхэм я гъэсэныгъэрщ. Дэ бынищ диІэщ. ЩІалэ нэхъыжьым, ПІатІ, илъэс 22-рэ и ныбжьщ, хъыджэбз цІыкІум и цІэр Мариещ, илъэс 14-м итщ, нэхъыщІэр Хьалидщ, илъэситху мэхъу. Абы и цІэр си адэшхуэм и щІыхькІэ фІэтщащ, си анэшхуэм и цІэр хъыджэбзым фІэтщыжащ, нэхъыжьым зэрихьэр си адэшхуэм и адэжым и цІэрщ. Вэрокъуэ ПІатІ Къундетей (Шэджэм) къуажэм щызэхэта ТОЗ-м и япэ унафэщІу щытащ, абы ипэкІэ зауэлІ цІэрыІуэу, абрэджу къэгъуэгурыкІуащ. Жьы хъуа нэужьи, зэпІэзэрыту, жьэнахуэу икІи гу кІуэцІылъу щытауэ яІуэтэж. Абы емычэнджэщауэ къуажэдэсхэм жэм дэнэ къэна, мэл къащэхунутэкъым, жаІэ. Си жагъуэ зэрыхъущи, сэ ар слъагъуну къысхуихуакъым, ауэ ди адэми адэшхуэми абы теухуа куэд къысхуаІуэтэжащ. СыщыцІыкІум сэ куэдрэ Къундетей сыкІуэрт, дадэшхуэ зыдэса лъапсэм тхьэмахуэ зыбжанэкІэ сыщыІэт. Си адыгагъэм къежьапІэ хуэхъуари а щІыпІэрщ, Шэджэм псыхъуэрщ.

СощІэж мэкъум дыхэлъу дыжейуэ зэрыщытар, уэсым хуэдэу хужьыбзэ хывышэм и ІэфІагъыр, адыгэ кхъуей плъыжьым и мэ гуакІуэр, бзий ІуэнтІакІэ зэкІэрыблауэ унэ къуапэм кІэрыщІа нартыху благъэхэр… Сэ адыгэбзэкІэ щІагъуэу сымыпсэлъэфми, хьэблэ щІалэ цІыкІухэм урысыбзэ ямыщІэми, итІани тыншу дызэгурыІуэрт. Пэжщ, ахэр къысщыдыхьэшхырт: «Дауэ узэрыадыгэр, адыгэбзэ умыщІэу?!» - жаІэурэ.

**- Апхуэдэ хъыбархэр уи бынхэм яхуэпІуэтэжрэ? Дауэ къащыхъурэ? Сыт абыхэм ящІэр? Уэ удэзыхьэххэм щыщу сытым егъэса?**

- ЯжумыІэжу хъурэ?! Ар гъэсэныгъэ Іэмалхэм ящыщ зыщ. НыбжьыщІэхэм ящІэн хуейщ езыхэм уащыхуэдэм уэ узэрыщытар. Япэ щІыкІэ унагъуэм исхэм ямылъэгъуауэ, къазэрыщыхъур къамыІуэтауэ зы лэжьыгъи утыкум къисхьэркъым. Апхуэдэм деж абыхэм я Іуэху еплъыкІэр къапщІэ къудейкъым, атІэ зэхэщІыкІ яІэу, я гум илъыр я жьэм жиІэу ибогъасэ. Дэзыхьэххэм я гугъу пщІымэ, ПІатІ хьэрычэтыщІэщ, электроникэм, иджырей Іэмэпсымэхэм фІы дыдэу хещІыкІ, КъБКъУ-м информацэ технологиехэмкІэ и къудамэмрэ экономикэмкІэ факультетымрэ къиухащ. КъызэрызэІуахрэ куэд мыщІа «Строймаг» сату щІапІэм коммерцэмкІэ унафэщІу щолажьэ, абы къищынэмыщІауэ езым и ІуэхущІапІэ цІыкІу иІэжщ, жып телефонхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ компьютер Іуэхутхьэбзэхэр щащІэу.

Хъыджэбз цІыкІум музыкэр фІыуэ елъагъу, фортепианэ йоуэ. Нэгъабэ классикэ макъамэ гъэзэщІэнымкІэ Урысей Ипщэм щекІуэкІа зэпеуэм етІуанэ увыпІэ къыщихьащ. Ауэ музыкэ еджапІэ зы илъэсщ зэрыкІуар, нэхъыбэ хуэмейуэ езым къилъытати, дэри хэдгъэзыхьакъым, унэм къакІуэ егъэджакІуэм иригъэщІамкІэ зэпеуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. Макъамэм къищынэмыщІауэ, Марие хамэ къэралыбзэхэр джыным дехьэх, математикэмкІэ, урыс литературэмкІэ дерс нэхъыбэ зэригъэщІэным хущІокъу. Апхуэдэу срогушхуэ адыгэбзэр Іэпэдэгъэлэл зэримыщІми.

Илъэситху фІэкІа мыхъу Хьалидщ ди унагъуэм щыпашэр. Ар дэзыхьэх гуэрым гу лъыптэну зэкІэ пасэщ, ауэ сэ сыщыпщафІэкІэ къыз дэІэпыкъуну, зыкъызигъэщхьыну хэтщ.

**- ФІыщІэ пхузощІ, Заур, къыддебгъэкІуэкІа псалъэмакъым папщІэ. Уи гуащІэ зыхэплъхьэм и хъер плъагъуу Тхьэм уигъэпсэу.**

*Епсэлъар*
**НЫБЭЖЬ Таисэщ.**



Тызыл хъупІэм. *2005 гъэ*

